

Summer Rising 2024



Yon pwogram ete gratis, amizan ak sennesof pou Vil Nouyòk!

Tout elèv Vil Nouyòk ki nan klas K-8yèm ane kounye a (ane lekòl 2023-2024) elijib.

Aplikasyon ouvri kòmansman mas!



Ou gen kesyon? Ou bezwen èd?

- Kontakte lekòl ou a.
- Voye yon imèl nan summer@schools.nyc.gov
- Ale nan schools.nyc.gov/SummerRising

1 Ale nan MySchools.nyc

- Kreye yon kont avèk adrès imel ou oswa si ou deja gen yon kont MySchools, jis konekte!
- Anlè adwat pòtal la, w ap wè opsyon pou tradui aplikasyon an.
- Si w bezwen èd pou jwenn aksè nan entènèt, kontakte kawòdonatè paran lekòl ou a.

2 Ajoute pitit ou a

- Antre nimewo idantifikasyon elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak kòd MySchools pou kreye kont lan. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo lè w kontakte lekòl pitit ou a.
- Si w te aplike nan MySchools avan, pitit ou a ap deja parèt sou kont ou a.

3 Aplike nan pwogram Summer Rising

- Mete otan pwogram ou vle sou lis. Plis pwogram ou chwazi, se plis chans w ap genyen pou w jwenn yon plas ou chwazi. Sepandan, tanpri klase pwogram yo nan vrè lòd preferans ou epi mete sèlman pwogram ou reyèlman vle ale ladan yo.
- Ane sa a, pwosesis la se pa moun ki vini avan n ap pran avan. Ou ka aplike nenpòt moman pandan entèval aplikasyon an ouvri a, epi y ap trete tout aplikasyon yo menm jan (kòmansman mas-25 mas).

Aprè w fin voye aplikasyon an ale, w ap resevwa yon imèl ki konfime pwogram Summer Rising ou prefere yo.

NYC Public Schools

Eric Adams
Mayor

David C. Banks
Chancellor

Department of
Youth & Community
Development

Keith S. Howard
Commissioner

schools.nyc.gov |    /nycschools